Қорақалпоғистон Республикаси
Хўжайли тумани ҳокими
ҚАРОРИ

Қарақалпақстан Республикасы
Хожели районы ҳәкими
ҚАРАРЫ

«16» ноябрь 2017-жыл **№ 2215/11**

Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында

Өзбекистан Республикасының "Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында"ғы Нызамы (Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси, 1998 йил 5-6-сон, 97-модда)ның 17-статьясы, "Өзбекистан Республикасында нәгиранларды социаллық қорғаў ҳаққында"ғы Нызамы (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2008 йил 29-30-сон, 277-модда)ның 25-статьясы, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған "Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже" (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2008 йил 34-сон, 333-модда)ге тийкарланып социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын Хожели районында 2018-жыл ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў мақсетинде, Хожели районы ҳәкими

ҚАРАР ЕТЕДИ:

1. Өзбекистан Республикасының "Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында"ғы Нызамның 17-статьясына тийкарланып социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын райондағы кәрханалар, шөлкемлер ҳәм мәкемелер ушын жумысшылардың дизим бойынша орташа санынан 4248 адамды қурайтуғын 2,2 пайыз муғдарында, сол есаптан:

а) нәгиранлар ушын 3,2 пайыз - 3 адам;

б) 14 жасқа толмаған балалары ҳәм нәгиран балалары бар жалғыз ҳәмде көп балалы ата-аналар ушын 33,7 пайыз - 32 адам;

в) билимлендириў мәкемелерин питкериўши жаслар ушын 27,4 пайыз - 26 адам;

г) муддетли әскерий хызметтен босатылғанлар ушын 16,8 пайыз - 16 адам;

д) районлық Бәнтликке көмеклесиў орайында жумыс излеўши сыпатында есапта турған пенсия жасына жақынласып қалған шахслар ушын 2,1 пайыз - 2 адам;

е) жазаны орынлаў мәкемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд қарарына көре медициналық характердеги мәжбүрий шаралар көрилген шахслар ушын 12,6 пайыз - 12 адам;

ж) басқалар ушын 4,2 пайыз - 4 адам, сол есаптан адам саўдасынан жабирленген шахслар ушын 1 адам муғдарында жумыс орынлары белгиленсин.

2. Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими 1-қосымшаға, социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў бойынша дүзилген арнаўлы комиссия қурамы 2-қосымшаға тийкар тастыйықлансын.

3. Кәрхана, шөлкем ҳәм мәкемелер басшыларына социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумыс пенен тәмийинлеў ушын 2017-жыл жуўмақланыўынан 10 күн алдын квота жумыс орынлары улыўма муғдарының кеминде 25 пайызы ушын, 2018-жылдың 10-апрель күнинен кешикпей жумыс орынларының қалған бөлеги 75 пайызын қураў (ажыратыў яки бәнт етип қойыў) ҳаққындағы, яғный ҳәр бир квота тайпасы бойынша жумыс орынлары бәнт етип қойылатуғын кәсиплер ҳәм лаўазымлар, қәнигеликлер кесиминдеги мағлыўматларды ҳәм шешим бойынша шығарылған буйрық нусқаларын районлық Бәнтликке көмеклесиў орайына усыныў ўазыйпалары жүклетилсин.

4. Кәрхана ҳәм мәкемелер басшылары социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахслар ушын жумыс орынларының көрсетип өтилген муғдарын Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже”ге муўапық белгиленген мүддетлерде ҳәм тәртипте жаратылыўын (ажыратылыўын яки бәнт етип қойылыўын) ҳәмде жумыс орынлары санитария-гигиена нормаларына ҳәм жумысшы өз миннетлерин биймәлел орынлаўын тәмийинлейтуғын мийнет шәраятларына муўапық болыўын тәмийинлесин.

5. Усы шешим талаплары орынланбаған жағдайда мәкемениң лаўазымлы шахсларына “Социаллық қоргаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже”ниң 15-бәнтине муўапық жәрийма салынады.

6. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-август күнги 186-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў ҳаққындағы Реже”ге тийкар социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып

атырған шахслар ушын бәнт етип қойылатуғын жумыс орынларын район ҳәкими тәрепинен белгиленген муғдардан артықша шөлкемлестирген шөлкемлер усы жумыс орынларын шөлкемлестириўге сарыпланған қаржылардың бир бөлегин районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы менен дүзилген шәртнама тийкарында Бәнтликке көмеклесиў қоры қаржылары есабынан қаплаў ҳуқықына ийе екенликлери есапқа алынсын.

7. Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы усы қарардың тийисли кәрхана ҳәм мекеме басшыларына жеткерип берсин ҳәмде оның орынланыўы үстинен қатаң қадағалаўды тәмийинлесин.

8. Хожели районы ҳәкиминиң 2016-жыл 20-октябрь күнги "Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2017-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында»ғы 960/10-санлы қарары (“Хожели ҳақыйқаты” газетасы 2016-жыл 10-ноябрь күнги №29(5809) санында) 2017-жыл 31-декабрь күнинен өз күшин жоғалтқан деп есаплансын.

9. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасары С.Асановқа жүклетилсин.

10. Бул қарар районлық «Хожели хақыйқаты» газетасында рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Хожели районы ҳәкими **Д.Қайпов**

Хожели районы ҳәкиминиң
"16"ноябрь 2017-жыл
2215/11-санлы қарарына
1-қосымша

Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими

№	Район аймағындағы кәрхана ҳәм мәкемелер атамасы	жумыс ислеў-шилер саны	квота бойынша жумыс орны	Категориялары						
				А	Б	В	Г	Д	Е	Ж
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11
1	"XUJAYLIDAVSUVMAXSUS PUDRAT" ДУК	85	5		1	1	2		1	
2	4-сонлы балалар музыка ҳәм көркем өнер мектеби	28	2			2				
3	5-санлы балалар музыка ҳәм көркем өнер мектеби	57	2			2				
4	1-санлы мектепке шекем билимлендириў мекемеси	26	1			1				
5	2-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	29	1			1				
6	5-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	40	1			1				
7	6-санлы мектепке шекем билимлендириў мекемеси	25	1			1				
8	9-санлы мектепке шекем билимлендириў мекемеси	32	1			1				
9	10-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	37	1			1				
10	12-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	21	1			1				
11	13-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	26	1			1				
12	14-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	33	1			1				
13	15-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	30	1			1				
14	16-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	32	1			1				

15	17-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	37	1			1				
16	18-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	40	1			1				
17	19-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	23	1			1				
18	20-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	27	1			1				
19	21-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	26	1			1				
20	23-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	32	1			1				
21	25-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	36	1			1				
22	27-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	66	1			1				
23	Хожели медицина колледжи	190	1		1					
24	Хожели агроэкономика колледжи	196	1		1					
25	Хожели педагогика колледжи	167	1		1					
26	Республикалық көп тармақлы балалар санаториясы	67	1				1			
27	Хожели районы «Баркамол авлод» балалар орайы	27	1				1			
28	Хожели районы санитария эпидемология бақлаў орайы	186	1		1					
29	Хожели районы мәденият бөлими	43	1		1					
30	№3-санлы ақылы зацып балалар ушын канигелестирилген таълим мекемеси	146	1		1					
31	Хожели районы техникалық участкаси ДУК	96	4		2		2			
32	Хожели районы Тоғай хожалығы	48	3		1		1		1	
33	Хожели районы медицина бирлеспеси	1710	28	1	19	2	3	1		2
34	Хожели районлық абаданластырыў басқармасы	168	11	1	3		1	1	3	2
35	15-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	102	1				1			
36	52-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	39	1				1			
37	53-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	88	1				1			
38	55-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	74	1	1						
39	56-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	45	1				1			
40	41-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	36	1				1			

41	Хожели районы бәнтликке көмеклесиў орайы хақ төленетугын төлемли жәмәәт иси есабынан	32	7						7	
БАРЛЫҒЫ :		**4248**	**95**	**3**	**32**	**26**	**16**	**2**	**12**	**4**

Б-14 жасқа толмаған балалары, майып балалары бар жалғыз баслы ата ҳәм ана және көп балалы ата-аналар;

В -Билимлендириў мекемелерин тамамлап атырған жаслар ушын;

Г-Мүддетли әскерий хызметтен босатылғанлар ушын;

Д-Районлық Бәнтликке көмеклесиў қорғаў орайында жумыс ислеўши сыпатында есапта турған пенсия жасына жақынласып калган шахслар ушын;

Е-Жазаны орынлаў мәкемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд қарарына көре медициналық характердеги мәжбүрий шаралар көрилген шахслар ушын

Ж-Басқалар ушын, сол есаптан мобилизациялық шақырыў резервине киритилген шахслар, киши жастағы балалары болған ислемейтугын ҳаяллар, әтираптағылар ушын қәўипли болмаған социаллық қәўипли кеселликлер менен аўырып атырған шахслар ҳәм Адам саўдасынан жәбирленген пуқаралар ушын.

Хожели районы хәкиминиң
2017-жыл « 16 » 10 2017 күнги
2215/11 -санлы қарарына
2-қосымша

Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў бойынша дүзилген арнаўлы комиссия
ҚУРАМЫ

1.	Д.Қайпов	-	Район ҳәкими, комиссия баслығы
2.	С. Асанов	-	Район ҳәкиминиң орынбасары, комиссия баслығының орынбасары
3.	Р.Оразбаев	-	Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы директоры, комиссия хаткери
4.	Х.Халмуратов	-	Өзбекистан жаслар аўқамы районлық Кеңеси баслығы, комиссия ағзасы
5.	А.Турымбетов	-	«Мәҳәлле» қайырқомлық жәмийетлик фонды районлық бөлими баслығы, комиссия ағзасы

Еслетпе: Комиссия ағзалары лаўазымы өзгерген жағдайда оның орнына сол лаўазымға тайынланған ямаса ўазыйпасын атқарыў жүклетилген шахслар киритиледи.